



## HackensackUMC Mountainside Medical Center

### POLITIK SOU ASISTANS FINANSYE

Dat li anvigè: 1ye janvyè 2017

#### POLITIK/PRENSIP

Se politik HackensackUMC Mountainside Medical Center (“Òganizasyon” an) pou asire yon pratik ki sosyalman ekitab pou bay swen nan kadijans oswa lòt swen ki medikalman nesèsè nan etablisman òganizasyon an. Politik sa a fèt espesyalman pou abòde elijiblite pou asistans finansye pou pasyan ki bezwen asistans finansye epi ki resevwa swen nan òganizasyon an.

1. Tout asistans finansye pral reflekte angajman nou pou byen komen, enkyetid espesyal nou genyen pou moun k ap viv nan povrete ak lòt sityasyon ki vilnerab, ansanm ak angajman nou pou jerans.
2. Politik sa a aplikab pou tout sèvis kadijans ak lòt sèvis ki medikalman nesèsè òganizasyon an ofri, ikonpri sèvis doktè ki anplwaye yo bay ak sante konpòtmantal. Politik sa a pa aplikab pou aranjman ki fèt pou pèman pou pwosedi opsyonèl oswa lòt swen ki pa swen kadijans oswa ki pa medikalman nesèsè.
3. Lis founisè politik sou asistans finansye a kouvri bay yon lis tout founisè ki bay swen nan etablisman òganizasyon an ki presize ki sèvis politik sou asistans finansye a kouvri ak ki sèvis ki pa kouvri.

#### DEFINISYON

Pou bi politik sa a, definisyon ki pral site anba yo aplikab:

- “**501(r)**” siyifi Seksyon 501(r) nan kòd Internal Revenue an ak règleman ki pibliye ladan l.
- “**Montan yo jeneralman chaje**” oswa “**AGB**” siyifi, anskikonsèn swen nan kadijans oswa lòt swen ki medikalman nesèsè, montan yo jeneralman chaje moun ki gen asirans ki kouvri swen sa a.
- “**Kominote**” siyifi zòn jeyografik leta New Jersey
- “**Swen nan kadijans**” siyifi tranche oswa yon pwoblèm medikal ki tèlman grav kote si moun nan pa resevwa swen medikal imedyatman, nou ka atann kòm rezilta pou sa mete an peril sante pasyan an (oswa tibebe a ki poko fèt), deteryorasyon grav nan fonksyon kò li, oswa disfonksyonman grav nenpòt ògàn oswa pati nan kò a.
- “**Swen ki medikalman nesèsè**” siyifi swen yo detèmine ki medikalman nesèsè aprè yon doktè ki kalifye fin konsilte avèk doktè ki responsab pou admisyon nan lopital la te fè yon detèminasyon swen an gen merit klinik.
- “**Òganizasyon**” siyifi HackensackUMC Mountainside Medical Center.
- “**Pasyan**” siyifi moun ki resevwa swen nan kadijans oswa swen ki medikalman nesèsè nan òganizasyon an epi moun ki finansyèman responsab pou swen pasyan an.



### **Asistans finansye nou ofri**

1. Pasyan ki gen revni ki mwens pase oswa egal a 200% nivo povrete federal la (Federal Poverty Level, “FPL”), pral elijib pou dediksyon 100% pou swen charite sou pòsyon chaj pou sèvis pasyan an responsab pou l peye aprè asirans lan fin peye, si l genyen asirans.
2. Pasyan ki gen revni ki plis pase 200% nivo povrete federal la (“FPL”), pral elijib pou asistans charite daprè kritè ki mansyone anba a:

#### Kritè sou revni

<u>Revni kòm yon pousantaj selon direktiv sou revni povrete HHS la</u>	<u>Pousantaj chaj pasyan an peye</u>
mwens pase oswa egal a 200%	0%
plis pase 200% men mwens pase oswa egal a 225%	20%
plis pase 225% men mwens pase oswa egal a 250%	40%
plis pase 250% men mwens pase oswa egal a 275%	60%
plis pase 275% men mwens pase oswa egal a 300%	80%
plis pase 300%	100%

3. Si pasyan ki sou tarif degresif 20% a 80% responsab pou depans medikal yo peye ak lajan pa yo ki depase 30% revni anyèl brit yo (pa egzanp bil lòt pati yo poko peye), kidonk montan ki depase 30% an konsidere kòm asistans pou pèman pou swen nan lopital la.
4. Yo ka detèmine elijiblite pou asistans finansye a nenpòt moman nan sik revni an epi yo ka enkli itilizasyon rezilta pwobab pou detèmine elijiblite malgre yon moun pa t ranpli yon aplikasyon pou asistans finansye (“Aplikasyon pou FAP”).
5. Yo dwe detèmine elijiblite pou asistans finansye pou nenpòt balans pasyan ki gen bezwen finansye a responsab pou l peye.

### **Pwogram swen charite:**

- Pwogram asistans pèman pou swen lopital nan New Jersey (Asistans swen charite) se swen gratis oswa nan pri redui yo bay pasyan ki resevwa sèvis kòm pasyan ki entène ak pasyan ki pa entène nan lopital ki bay swen ijan toupatou nan eta New Jersey. Asistans lopital ak swen nan pri redui disponib sèlman pou swen lopital ki nesesè. Kèk sèvis tankou frè doktè yo chaje, frè anestezyoloji, entèpretasyon radyoloji ak preskripsyon pou pasyan ki pa entène se chaj ki separe de chaj lopital la epi frè sa yo ka pa elijib pou rediksyon.
- Sous finansman pou asistans pèman pou swen lopital la soti nan Fon Sibvansyon Swen Sante ki administre daprè Lwa Piblik 1997, Chapit 263.



### **Lòt asistans pou pasyan ki pa elijib pou asistans finansye**

Pasyan ki pa elijib pou asistans finansye, jan sa dekri anwo a, ka toujou kalifye pou lòt tip asistans òganizasyon an ofri. Nan enterè entegralite, lòt tip asistans yo site la a, byenke yo pa baze sou bezwen epi yo pa fèt pou sijè a 501(r) men nou mete yo la a pou fasilite kominote HackensackUMC Mountainside Medical Center sèvi.

1. Pasyan ki pa gen asirans ki pa elijib pou asistans finansye pral resevwa yon rabè dapre kritè ki mansyone anba a:
  - (a) Pwosedi pou pasyan ki entène, nouvo pwosedi ak pwosedi pou pasyan ki pa entène: 115% tarif Medicare la
  - (i) Pwosedi obstetrik ak estetik genyen barèm tarif pou moun k ap peye poukont yo, epi yo pa sijè a tarif ki baze sou ranbousman Medicare.

### **Limit sou chaj pou pasyan ki elijib pou asistans finansye**

Yo pap chaje pasyan ki elijib endividyèlman pou asistans finansye plis pase AGB pou swen kadijans ak lòt swen ki medikalman nesèsè epi yo pap chaje plis pase chaj brit pou tout lòt swen medikal. Òganizasyon an kalkile yon pousantaj AGB oswa plis lè l itilize metòd “gade dèyè” ansanm ak frè-pou-sèvis Medicare ak tout konpayi asirans sante prive yo ki peye reklamasyon bay òganizasyon an, tout sa ann akò ak 501(r). Ou ka jwenn yon kopi gratis deskripsyon kalkil ak pousantaj AGB a lè w mande sa nan nenpòt zòn admisyon yo. Pasyan yo ka mande yon kopi deskripsyon kalkil ak pousantaj AGB a gratis pa lapòs lè yo rele Sèvis Finansye Pasyan an nan (973) 429-6000, Ekst. 5910 pou mande pou yo voye yon kopi nan adrès postal pasyan an.

### **Pou aplike pou asistans finansye ak lòt asistans**

Yon pasyan ka kalifye pou asistans finansye atravè elijiblite rezilta pwobab oswa lè l aplike pou asistans finansye lè l soumèt yon aplikasyon FAP li ranpli. Aplikasyon FAP a ak enstriksyon pou aplikasyon FAP a pral disponib sou demann pasyan an nan lè l ap resevwa sèvis la. Si yon pasyan vle aplike pou asistans finansye aprè jou sèvis la (yo), yon pasyan ka gen aksè nan aplikasyon FAP a ak enstriksyon pou aplikasyon FAP a epi li ka enprime l dirèkteman sou sitwèb HackensackUMC Mountainside la. Pasyan yo ka mande yon kopi aplikasyon FAP a ak enstriksyon pou aplikasyon FAP a pa lapòs tou. Pou mande yon kopi dokiman yo pa lapòs, pasyan yo ta dwe rele depatman Sèvis Finansye Pasyan an nan (973) 429-6000, Ekst. 5910. Nan chak nan lokal ki aksesib ki mansyone anwo a, aplikasyon FAP a ak enstriksyon pou aplikasyon FAP a disponib ni ann anglè ni an panyòl.

### **Delè pou koleksyon pou chaj ki responsablite pasyan an – pou pasyan ki entène ak pasyan ki pa entène**

HackensackUMC Mountainside Medical Center voye relve faktirasyon pou sèvis li bay aprè asirans lan fin trete reklamasyon an, oswa imedyatman pou pasyan ki pa gen asirans. Balans ki se responsablite pasyan an genyen bagay sa yo:

- Pasyan an peye (Pasyan ki pa gen asirans)
- Pasyan an peye aprè asirans (Asirans fin peye pou responsablite yo, epi rès balans lan se responsablite pasyan an)



- Swen charite (Chaj redui ki baze sou santil charite a)
- Pasyan an peye aprè Medicare (Responsablite pasyan an jan Medicare defini sa)

### **Sik relve faktirasyon**

Pou tout pasyan yo, yo poste yon relve faktirasyon apeprè senk jou aprè balans lan vin responsablite pasyan an.

**Tout balans pasyan yo gen pou peye** – Sik faktirasyon total la se 120 jou anvan nou voye balans lan nan koleksyon. Nou voye yon relve faktirasyon bay pasyan an aprè asirans lan fin satisfè pòsyon pa l la, si sa aplikab. Si pòsyon pasyan an responsab pou l peye a aryere epi yo pa kolekte nan dat li dwe peye l la, pasyan an pral kontinye resevwa relve faktirasyon (jiska 5 ototal). Si yo toujou poko resevwa pèman an, yo pral voye kont lan nan yon ajans koleksyon.

**Pasyan ki gen kesyon sou balans yo a ka rele sèvis kliyan nan (866) 525-5558** pou yo wè si yo kalifye pou yon aranjman pou pèman. Pasyan ki paka peye yo ka kontakte biwo asistans finansye nou an nan (973) 429-6000, Ekstansyon 5910.